



THE CITY OF NEW YORK  
DEPARTMENT OF HOUSING PRESERVATION AND DEVELOPMENT  
DIVISION OF CODE ENFORCEMENT  
94 Old Broadway, 7th Floor New York, NY 10027

24 jen 2020

Chè Pwopriyetè,

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) an bay mizajou detanzantan sou nouvo lwa ak enfòmasyon sou materyo ak resous ki disponib pou pwopriyetè bilding pou ede yo konfòme yo ak Kòd Antretyen Lojman Vil New York la, Lwa sou Lojman Kolektif Eta New York (New York State Multiple Dwelling Law) la ak lòt kòd minisipal ki gen anpil enpòtans. Konsilte [sitwèb Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman](#) an pou ou li kominike sa a (ak ansyen kominike) nan lòt lang.

**Mizajou sou COVID-19:** Biwo Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman yo fèmen pou yon tan pou ankouraje distans sosyal epi pou ede pwoteje moun ki ap viv New York yo kont kowonaviris (COVID-19). Pou ou resevwa èd pèsònèl biwo minisipalite a, ou kapab toujou kontakte nou nan telefòn oswa imèl. [Ou kapab jwenn enfòmasyon sou kilès pou ou kontakte sou sitwèb Biwo Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an.](#)

*Objektif piblikasyon sa a se enfòme ou sèlman, li pa yon konsèy jiridik. Enfòmasyon sa a pa yon deklarasyon ki konplè oswa ki definitif sou tout devwa pwopriyetè ak lokatè konsènan lwa ak règ sou lojman nan Vil New York.*

### **Nouvo: Pwogram Detektè Chalè**

Lwa Lokal 18 ane 2020 an egzije pou Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman chwazi 50 lojman kolektif klas A ki vyole règleman sou chofaj epi ki gen plent kont yo sou kesyon chofaj, chak de (2) lane, pou yo patisipe nan nouvo pwogram Detektè Chalè Vil New York la. Daprè lwa a, pwopriyetè bilding yo chwazi yo ap bezwen enstale yon detektè chalè (yon aparèy ki endike konpatibilite tanperati apati entènèt) nan salon chak apatman ki nan bilding nan apati 1ye oktòb nan lane yo chwazi pwopriyete a. Y ap bezwen enfòme lokatè yo sou pwogram nan epi ba yo aksè nan bilan sou tanperati yo. Lokatè yo kapab chwazi refize yo enstale yon detektè chalè nan apatman yo a. Si pwopriyetè a pa respekte règ sa a, sa kapab debouche sou yon enfraksyon grav. Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman ap fè enspeksyon pandan sezon chalè (soti 1ye oktòb rive 31 me) omwen yon (1) fwa chak de (2) semèn. Pwopriyetè yo chwazi pou pwogram nan dwe atann yo pou yo resevwa yon Avi nan imèl nan kòmansman mwa jiyè. Apati 1ye jiyè, y ap mete [sitwèb Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman](#) a ajou tou avèk plis enfòmasyon sou pwogram sa a.



## Chanjman sou Anrejistreman Pwopriyete ak nouvo egzijans sou konfòmite konsènan penti ki fèt ak plon

Anrejistreman pwopriyete chak ane a kòmanse. Pwopriyetè / ajan imobilye ki te bay Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman yon imèl nan moman anrejistreman aktyèl la ta dwe resevwa yon avi sou disponibilite fòm nan apati Sistèm Anrejistreman Pwopriyete Anliy la pi bonè semèn sa a. Remake ou ap enprime fòm nan kounya nan fòm 8 ½ X 11, sa ki rann pwosesis la pi fasil pou pwopriyetè ki kapab jwenn papye 8 ½ X 11 sèlman. Nou vrèman ankouraje tout moun itilize sistèm sa a pou yo jwenn fòm yo a. Pa bliye fè chanjman ki nesèsè, siyen fòm nan epi mete dat sou li, epi voye li bay Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman; ou dwe voye pèman an nan Depatman Finans (Department of Finance, DOF). Ou kapab itilize nouvo fòm pèman an kounya ki mache ansanm ak fòm ou an ou enprime a pou ou asire Depatman Finans trete pèman ou an kòrèkteman.

Remake gen yon chanjman sou fòm anrejistreman pou pwopriyete yo konstwi avan 1960. Pwopriyetè /ajan imobilye pwopriyete sa yo dwe montre yo respekte egzijans Lwa Lokal 1 ane 2004, Lwa Vil New York sou Prevansyon kont Anpwazònman Timoun apati Plon, pou pwosesis anrejistreman pwopriyete chak ane. Pou plis enfòmasyon sou egzijans lwa sa a, ou kapab konsilte [sitwèb sou Penti ki fèt ak Plon](#) nou an, oswa klike sou lyen yo bay yo pou plis enfòmasyon sou egzijans espesifik yo, pandan pwosesis anrejistreman an. Si ou pa an konfòmite ak egzijans sa yo aktyèlman, nou vrèman ankouraje ou suiv konferans anliy nou an (ale nan seksyon EDIKASYON sou pajwèb la) sou chak sijè pou ou kapab kòmanse konfòme ou tousuit. **Yo kapab bay moun ki pa respekte Lwa Lokal 1 ane 2004 la gwo sanksyon.**

Si yo mande ou ranpli nouvo seksyon sa a men bilding ou an swa te: 1) konstwi aprè 1ye janvyè 1960, epi pwopriyete a pa t janm resevwa yon kontravansyon Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman konsènan lwa sou penti ki fèt ak plon (òdonans #617) oswa yon Òdonans Manm Komisyon an pou Rediksyon Risk (Commissioner's Order to Abate, COTA) Depatman Sante ak Ljèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) bay; oswa 2) li gen sèlman 1 oswa 2 apatman legalman; tanpri voye yon imèl bay Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman avèk adrès bilding nan, minisipalite a, ak enfòmasyon ki kòrèk sou ane li te konstwi a nan [codevios@hpd.nyc.gov](mailto:codevios@hpd.nyc.gov) pou Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman kapab mete dosye l yo ajou nan ka sa a. Ou kapab soumèt dokiman prèv avèk demann ou an tankou atestasyon sou abitasyon an.

### Enfòmasyon Jeneral sou COVID 19

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman ta renmen kontinye bay enfòmasyon ki enpòtan sou COVID-19 pou pwopriyetè bilding, pou jesyon bilding ak pou lokatè pou yo kapab pran bon jan prekosyon. Tanpri li mizajou Depatman Sante ak Ljèn Mantal la ki nan [fich enfòmasyon sou Sa Ou Bezwen Konnen konsènan COVID-19](#). Yo mete [rekòmandasyon sou dezenfeksyon antrepriz](#) ak [KEYSON YO POZE SOUVAN sou antrepriz](#) la ajou tou pou ajoute rekòmandasyon Eta New York ki pi resan an ki di tout travayè esansyèl dwe mete mask lè y ap sèvi piblik la. Tanpri distribiye dokiman sa yo bay pèsònèl bilding ou a. Si bilding ou an gen enstalasyon kolektif (douch ki pataje, kizin, salamanje oswa salon), ou dwe verifiye [lis kontwòl swen kolektif la](#) tou. Distribiye li bay pèsònèl ou

a, si ka a prezante. Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vil New York pibliye lòt rekòmandasyon sou distans fizik nan espas kolektif ak akonpayman ou kapab konsilte [la a](#) tou.

Pou plis enfòmasyon sou Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman, tanpri konsilte pajwèb COVID-19 Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York [la a](#). Pou ou kapab jwenn enfòmasyon ki ajou sou sante, konsilte pajwèb COVID-19 Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York [la a](#).

Pou ou resevwa mizajou pwogram Notifikasyon Vil New York bay la atan, voye "COVID" nan mesaj tèks nan 692-692".

### **Rekòmandasyon sou COVID-19: Enspeksyon Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman ak Enfraksyon**

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman kontinye fè enspeksyon epi reyaji fas ak enfraksyon ak òdonans ki ijan. Nou reponn lokatè ak pwopriyetè ki kontinye chache èd nou epi nou ap fè tout sa nou kapab pou kontinye bay sipò administratif pou tout sèvis.

Jan sa abitye fèt, pwopriyetè ak ajan imobilye yo a dwe fè tout efò posib pou pote koreksyon imedyatman konsènan gwo enfraksyon tankou mank chofaj, dlo cho, dlo oswa elektrisite, epi konsènan ekipman ijenik ki pa efikas.

Pou tout enfraksyon, ou dwe korije sitiyoasyon an pi bonè posib epi deklare sa, swa pa imèl oswa lè ou itilize [Deklarasyon pa imèl](#). Ou kapab fè deklarasyon pa imèl sèlman; nou ankouraje ou soumèt sa yo tou. Ou kapab mande yo rekile dat la pou koreksyon kèk enfraksyon tou. Verifye do Avi Enfraksyon ou an, [Enstriksyon sou Deklarasyon](#), [Kesyon Yo Poze Souvan sou Sèvis Dedomajman Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman pou Enfraksyon](#) nou an oswa rele yon [Sant Sèvis nan Minisipalite](#) pou plis enfòmasyon. Pou detay espesifik sou deklarasyon pou enfraksyon sou penti ki fèt ak plon, konsilte pajwèb [Penti ki fèt ak Plon](#) an. Pou detay espesifik sou deklarasyon pou enfraksyon konsènan limon, konsilte pajwèb [Danje sou Mikwòb ki bay Alèji ou jwenn Anndan Kay](#).

Si ou te soumèt yon Demann Rejè avan avril 2020 oswa pandan peryòd karantèn Vil la, konnen yo prevwa fè reyenspeksyon pou kounye a nan lòd sa dwe fèt. Nou ankouraje tout pwopriyetè ki gen dosye enfraksyon Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (dosye ou kapab konsilte apati Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman ki anliy lan) ki pa reflekte kondisyon reyèl bilding nan depoze yon [Demann Rejè](#).

### **Suivi: Definisyon pou kote Timoun "Rezide"**

Nan kòmansman lane 2019, Konsèy Minisipal la te adopte Lwa Lokal 64 ane 2019 la ki modifiye Lwa Vil New York la sou Prevansyon kont Anpwazònman Plon Timoun pou rann definisyon kote yon timoun ki

poko gen 6 lane rezide pi laj. Objektif lwa modifiye a se garanti siveyans plis kay toujou pou detekte danje penti ki fèt ak plon ki ta ka nui timoun. Daprè lwa modifiye a, apa tèm "rezide" ki vle di yon timoun abite nan yon bilding ki konstwi avan 1960, yo konsidere yon timoun rezide nan bilding sa a si timoun sa a "pase 10 èdtan oswa plis pase 10 èdtan pa semèn nan apatman an regilyèman.

Lejislasyon an te prevwa de (2) dat pou nouvo definisyon elaji sa a antre ann aplikasyon.

- Depi janvyè 2020, yo egzije pwopriyetè yo itilize nouvo definisyon sa a nan Avi chak Ane yo bay lokatè pou detèmine si yon timoun ki poko gen 6 lane rezide nan yon apatman lojman kolektif. Yon lojman kolektif se yon bilding ki gen twa (3) apatman oswa plis.
- **Apati jiyè 2020, Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman ap kòmanse aplike nouvo definisyon tèm "rezide" a pandan enspeksyon.** Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman ap kontinye enspekte danje ki gen rapò ak penti ki fèt ak plon yon fason ki aktif pandan tout enspeksyon apatman kote yon timoun ki poko gen 6 lane ap viv nan yon bilding ki konstwi avan 1960, men li ap etann enspeksyon yo pou antre timoun ki poko gen 6 lane ki pase 10 èdtan oswa plis pase 10 èdtan pa semèn nan yon apatman regilyèman ladann. Y ap ba ou yon kontravansyon si Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman idantifye yon danje ki gen rapò ak penti ki fèt ak plon, oswa si li sispèk yon danje egziste, nan tout bilding ki gen lojman kolektif kote yon timoun ki poko gen 6 lane rezide, apati nouvo definisyon elaji sa a.

### Resansman ane 2020 Ozetazini

Resansman ane 2020 an kòmanse, epi Vil New York bezwen ou patisipe jodi a. Nou bezwen yon kontaj konplè epi presi pou nou kapab genyen done demografik yo, finansman ki depase milyon ak reprezantasyon konplè nou gen dwa pou merite. Resansman an 100% sekre, li san fay epi li fasil. Pran kèk minit pou ou asire lavni Vil New York: konsilte <https://my2020census.gov/> oswa rele **844-330-2020** pou ou ranpli fòm resansman ou an jodi a menm!

### Pwotèj nan Fenèt Sove Lavi

Daprè lwa vil la, pwopriyetè bilding ki gen twa (3) apatman oswa plis dwe enstale pwoteksyon nan fenèt ki jwenn apwobasyon Depatman Sante nan apatman kote yon timoun 10 lane oswa ki gen mwens pase 10 lane ap viv. Pandan pandemi COVID-19 la, enstalasyon ak reparasyon pwotèj nan fenèt rete yon sèvis ki esansyèl, sa vle di ou pa kapab kite enstalasyon ak reparasyon pwoteksyon nan fenèt pou yon lòt lè jiskaske mezi sou distans sosyal yo diminye. Pou ou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans konsènan pwotèj nan fenèt, konsilte [sitwèb Depatman Sante ak Ijèn Mantal](#).

Ou kapab [enprime yon nouvo kat postal ki bay enfòmasyon](#) pou ou pataje ak lokatè ou yo tou. Li disponib nan lòt lang tou: [Español](#) | [繁體中文](#) | [বাংলা](#) | [Kreyòl ayisyen](#) | [Русский](#) | [简体中文](#)

Pwoteksyon nan Fenèt: Enfòmasyon pou [Pwopriyetè](#) ak [Lokatè Bilding](#)